



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU INONDASYON NAN KONTE CLINTON

"Pandan 12 èdtan ki pase yo, lapli nan Konte Clinton te lakòz gwo inondasyon ki mennen nan kondisyon danjere nan kèk zòn. Mwen ap siveye sitiyaasyon an ak anpil atansyon epi mwen te mande ekip mwen an pou ede responsab lokal yo jan sa nesèsè. Nou deja deplwaye pèsònèl nan Biwo Jesyon Ijans Eta a pou siveye sitiyaasyon an epi bay lidè lokal yo sipò. Tout konte a anba yon avètisman inondasyon rapid jiska 3:15 PM jodi a, epi mwen ankouraje tout rezidan yo pou yo pran prekosyon ki apwopriye yo: evite wout ki inonde, ak siveye ak anpil atansyon previzyon lokal yo, epi prepare pwovizyon nan ka mwens pwobab yon lòd evakyasyon".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)